Ab Gindikaay ci Sañ-sañi Waajur ci Njang mu Xejjiku

Yëgle yu aju ci Garanti Doxaliin ci li Aju ci Njang mu Xejjiku

Awril 2025

Ohio Department of Education & Workforce

LI AJU CI NJANG MU XEJJIKU 2

Sa Jokkoo Lekool Ngir Njang mu Xejjiku..... 2
Departama Njang bu Ohio ak Jokkoo Workforce ngir Njang mu Xejjiku 2

DUGG BI CI GINDIKAAYI SAÑ-SAÑI WAAJUUR 3

MBOOLEEM XIBAAR 4

Nangug waajur buñu xamle..... 4
Ngir joxe sa Nangug Waajur buñu Xamle, Këru Njang mi war naa..... 5
Ndax sa Doom Mën naa Jot ci Njang mu Xejjikku?..... 6
Xayma Njang bu Moom Boppam (IEE) 7
Yëgle buñu bind ci njëlbéen 8
Porogaraamu Njang bu Moom Boppam (IEP)..... 9

Dosiyee Njang yi 10

Jotiin ci Dosiyee yi..... 10

SAAFARA nAKKA DEGGOO YI 12

Doxaliinu Saafara ñakka deggoo 12
Saafara ñaxtu ci lu teel..... 13
Yombal 13
Diisoo 15
Jebbal ab Ñaxtu Etaa 16
Jebbal ab ñaxtu bu mengoog Doxaliin biy Faral di Am 20

Diiru Doxaliinn Garanti Doxaliin biy Faral di Am 22

Doy..... 22
Diiru Saafara 23
Doxaliinu Ojans bi 24
Ñaxtu bu mengook doxaliin buy am 25
saa su nekk buñu gaawal ak bu am àpp..... 25
Def Appel ci ab Dogal..... 26
Statut Xale b biñuy amal até bi..... 27
Njëgu Awokaa bi 28

YAR 30

Doxaliiu yàr buñu jagleel xale yi amee laago 30
Tëraliinu Lëkkaloo ak Laago 31
Wuutuwaayu Interim (Negandiku ak Wuute) Jekkalu Njang 32

TEGANDI CI BENN BARAB AY XALE YU AMEE LAAGO YU WAAJUR YI AMAL CI AB LEKOOL PIRIWE CI XAALISU ASKAN WI 34

Doxaliinu Tëraliinu Delloo Xaalis 34

YËGËI WAAJUR YI AY POROGARAAMI BURSE NGIR NDONGO YI AMEE LAAGO..... 35

Jamono juñuy amal yëgle bi..... 35

Li aju ci njang mu xejjiku

Njang mu xejjiku, ngir ndongo yu am 3 ba 21 at, yoonu federaal ak càkkutéefi yoon ñoo ko tëral. Càkkutéefi federaal yi lañuy royalee fii niki nit ku amee laago ci Yoonu Njang (IDEA). Càkkutéefi yoon yi lañuy toyalee niki Baxoo Liggéeyi Ohio ngir Njangum Xale yi Amee Laago (Baaxoo Liggéeyi Ohio).

Gindikaay bii mën na tax nga xam say sañ-sañ ak say sañ-sañi doom sunu sukkandikoo ci IDEA ak Baaxoo Liggéeyi Ohio. Daf lay jox itam ay xibaar ak ay costéef ngir jàppale la nga nànd say ndimbal ak sàrwiis njangu doom yu xejjiku.

Sa këru njang bi nekk fi nga dëkk (ci misaal, sa lekoolu koñ) itam mën naa tax nga xam say sañ-sañ ci kaadaru yoon wii. So amee ay laaj yu aju ci xibaar yi nekk ci gindikaay bii, jokkool ak direktëru njang mu xejjiku mi ngr këru njang.

Sa Jokkoo Lekool Ngir Njang mu Xejjiku

Noo ngi lay ñaan nga yokk yile xibaar ci pàcc lëkkaloo bii.
Këru njang:
Direktëru Njang mu Xejjiku:
Nimero telefon:
Adarees Imel:

Departama aNjang bu Ohio ak Jokkoo Workforce ngir Njang mu Xejjiku

(Telefon) 614-466-2650
(Telefon bodul fay) 877-644-6338
(Faksi) 614-728-1097

25 S. Front Street
Mail Stop 409
Columbus, Ohio 43215
Yeneeni Leerali Jokkoo

Exceptionalchildren@education.ohio.gov

Ngir wootekat yuy jëfandikoo téléimprimeur (TTY), woowal sàrwiisu Relais bu Ohio Relay Service ci (800) 750-0750.

Dugg bi ci Gindikaayu Sañ-sañi waajur

Nit yibijj ci Yoonu ñi amee Laago Njang (IDEA) àar sañ-sañu ndongo yi amee laago ak seeni sañ-sañi waajur. Gindikaay bi daf lay xamal sat sañ-sañ. Sa daara daf lay jox benn kopi téere bi benn yoon ci at mi sudee sa doom dafa am njàng mu xejjiku. Yaw tamit war nga jot ab kopi:

- Soo laajee ñu xayma sa doom ndax danga jàpp ni sa doom mën na am laago
- Sudee sa këru njang dafa bëgg ñu xayma sa doom ndax dafa jàpp ni sa doom mën na am laago
- Sudee da nga yónnee (jébbal) ab demànd– cig bind – ca Biro Exceptional Children ca Departamaa wu Njang ak Liggéey bu Ohio ngir ab ojansu doxaliin buy am saa su nekk ci li aju ci sa njangum doom, te ni bii mooy atu njang bu njëkk bi ngayamal ñaxtu bi
- Sudee da nga yónnee (jébbal) ab demànd– cig bind – ca Biro Exceptional Children ca Departamaa wu Njang ak Liggéey bu Ohio ngir ab ojansu doxaliin buy am saa su nekk ci li aju ci sa njangum doom, te ni bii mooy at bu njëkk bi ngay def demànd bi
- ISudee dañoo génnee sa doom ci ekool bi ngir wàllu yar (doxaliin) – te dax nañu sa doom ba noppi ci ekool bi ci diiru 10 fan wala lu ko ëpp ci biir atu njang bu bees bi
- Saa yoo laajee ab kopi wu gindikaay bi

Mbooleem xibaar

Nangug Waajur buñu Xamle

Ku nekk mën naa royale xale ngir av xayma njang bu xejjiku. Saa yoo amee, yaw waajur, jaaxle ci sa njàngum doom, màggaayam, wala doxalinaù, da nga wara yónnee jàngalekat bi, kilifa daara ji, ak kilifag njàng lu xejjiku bi wala kilifa gi yor njàng mu xejjiku bi wala saytukat bi. Bu daara ji jotee laaj bi, daara ji amna 30 fan ngir tontu la ngir xamal la ndax dafa bëgga xayma am déet. Ac waajur war na joxe ndigal ci bind ngir tàmbali xayma bi.

Suñu jàppee ni xale bi yelloo na am njàng mu yam ci moom ak yeneen serwiis yu ko méngoo, dina ñu defar Prograamu Njàngale mu Benne (IEP) buñu sukkandiko ci xibaar yi bawoo ci rapooru ekipu xayma bi (ETR). IEP mooy këyit biy fësal mébetu njàng ak jubluwaayi njàng mi sa doom di liggéey ngir yegg ci at mi muy jàngi. Dafay wax itam ci ndimbal ak serwiis yi sa doom soxla ngir mëna matal liñu bind ci IEP bi.

Dina ñu jox sa doom benn ekipu IEP, ci ñoom bokk na si:

- Waajur wi(yi)
- Soo bëggee am benn jàngalekat ci njàng muy boole lépp (sudee xale bi dafa bokk ci njàng mi, wala mu mëna bokk ci njàng mi)
- Soo bëggee am benn jàngalekat wala doktor buy toppatoo xale bi
- Ab këru teewalkatu njang bu xarañ
- Nit ku mën firi tektali tektali njuréefi xayma
- Ci dogal bi waajur yi wala këru njang mi, yeneen nit yu am xam-xam wala xarañtéef bu xejjiku ci xale, boole ci ndaw yiy liggéey ci wàllu njàng, su ko jaree
- Saa yu ko laajee, xale bi amee laago

saytu IEP: Ekipu IEP bi dafa wara daje ak benn yoon ci at bi ngir xoolaat IEP bi waaye mën nañu daje lu gëna bari ngir xoolaat IEP bi, rawatina sudee xale bi deful ay jéego. Ci kaadaru yoonu Ohio, dañuy sakku waajur wi joxe nanguwam ci sàrwiisi njang mu xejjiku waaye nekkul luñuy soxla ngir dugal ay saytu wallu IEP. Waaye, bokkug waajur yi ci IEP lu manta ñakk la. Waajur yi war nañu bokk ci ekipu IEP ci bépp ndajem saytu.

Bokkug waajur: Niki waajuru ab xale bu amee laago, am nga sañ-sañ saaku ñu yëgal la te jox nañ la wërsëgu bokk ci ndajem ekipu IEP bu nekk. Biro bi yor wàllu njàng mi dafa wara teela yëgle ndaje mi, suko defee nga mëna ñëw, ba noppi ngeen jàpp nda bisu ndaje mi ci waxtu ak barab bi ngeen déggoo.

Luy waajur wuy wuutu?
Ab waajuru wuutu ab nit la buy mëna teewal ab xale bu amee laago ci mbir yépp yu mengook mëna am ak jo ci ay sàrwiisi njang mu xejjiku.

Këru njang mi nga dëkk dafay tabb ab waajuru wuutu saa yu amee benn yile:

- Mënu ñu raññaatle waajur wi
- Këru njang mi biñu defee ay jéego yu jaadu te gisu ñu waajur
- Xale bi ab ndaw buñu guŋgeewul la bu amul dëkkuwaay
- Xale njirim bu nekk ci loxol réew mi

Ndigalu waajur buñu xamle moo ngi tekki ni yaw ak/wala waajur bi këru njang mi tàbb, ñu jox ndigal, ci bind, ngirkëru njang mi jël dogal. Sa ndigal buñu xamle moo ngi tekki itam ni këru njang mi jox na la ay xibaar cu dogal bi nga digle. Këru njang mi war na jot ab ndigal bu leer buñu bind:

- Laata kër gi yor wàllu njang mi di xayma sa doom ngir xam ndax soxla na njang mu xejjiku wala yeneen sàrwiis yu jëm ci loolu
- Laata këru njang mi di tàmbali jox sa doom njàngale mu xejjiku yuñu lim ci prograamu njàngale bu njëkk biñ jagleel kenn, ñu koy woowe itam IEP
- Laata këru njang mi di xaymawaat s doom ngir xool ndax ay soxlaam soppeeku nañu.
- Laata këru njang mi di amal yeneeni xayma yu benne ak sa dom. Ab misaal dina doon Xayma Xzl buy Dox
- Laata këru njang mi di soppi barab buñuy dugal sa doom ngir mu jang. Lii tekkiwul ab coppite ci tabax ab barab. lu ko moy, dafay tekki ab coppite ci sa porogaraamu njangu doom
- Laata kër njang mi di joxe xibaar yu aju ci sa doom ci keneen ku bokkul ak ñi ñu lim ci yoonu etaa wala federaal

Parental consent is required for a reevaluation even if the IEP team decides that the existing student information is sufficient, and no additional testing is required. Yenn saa lii dañu koy woowe “saytu dosiyee” xaymawaat.

Nangug waajur buñu xamle nekkul luñu sàkku su benn wala beneen ci yii amee:

- Keru njang mi dafay saytuwaat xibaari ndongi bi fi nekk niki ku bokk ci doxaliinu xayma/xaymawaat bi
- Këru njang mi di amal ay nàtt ak sa doom buñu jox ndongo yépp

Ngir joxe sa Nangug Waajur buñu Xamle, Këru Njang mi war naa:

- Werlu ni jëfandikoo na làkk bi nga nàmp, wala beneen xeetu jokkoo bi nga dégg, ngir jox la mbooleem xibaar yi nga soxla ngir jël dogal
- Werlul ni dégg nga te nangu nga cig bind këru njang mi amal ab liggéey ak sa nangu dafay leeral liggéey bi, akit bépp dosiyee xale bi buñu leen di ak -ñeneen ñi ak nit ñooñee
- Werlul ne nànd nga ni yaa ngi joxe sa nangu ci sa tànnéefu bopp, te mën nga ci génn saa su nekk
- Werlul ne xam nga ni soo génnee ci sa nangu, du laj këru njang mi di bayyi benn dogal bimu jëloon digante diir bi nga joxee ndigël ak bi nga ciy génn

GENN CI NANGU

GE moo ngi tekki ne da ngay dindi sa nangu. Mën nga génn ci sa nangu saa su nekk soo dogalee ni bëggatoo sa doom jot ci ay sàrwiisi njang mu xejjiku ci niñ ko joxee ci IEP bu xale bi. Da nga wara def lii *cig bind*.

Ba noppi, sa kêru njang:

- War naa bayyi di jox sa doom ay sàrwiisi njng mu xejjiku ci IEP bi, waaye laata muy bayyi di joxe sàrwiis yi, këru njang mi war la yëgal ci bind ni dafay dakkal sàrwiis yi. Yëgle bi la këru njang mi di jox lañuy woowee ab yëgle buñu bind ci njëlbéen. Yëgle bii ñu bind ci njëlbéen dafa wara dëppook càkkutéef yuñu jiitël ci Yëgle Njëlbéen buñu Bind bi pàcc bi c xët 8 bi gindikaay bi.

Su këru njang mi joxe yëgle njëlbéen buñu bind bi ba noppi di xamle ni dootul joxe ay sàrwiisi njang mu xejjiku sa doom su bayyee di joxe sàrwiis yi, këru njang mi dootul jàppee sa doom niki kuñu mëna nangul njang mu xejjiku te dina jàppee sa doom ni ndongo bu nekk ci njangum lépp.

Ndax sa Doom Mën naa Jot ci Njang mu Xejjikku?

Ngir ñu jàppee la ndongo bu amee laago ci kaadaru Nit yu amee Laago (IDEA) ak Code Administrative bu Ohio, sa doom war naa am benn ci laagi yuñu lim fii ci suuf. Laago boobu da wara am lumuy def ci sa xarañtéefu nangu doom te sa doom war naa sakku njang mu xejjiku ak/wala sàrwiis yimu mengool ndax laago bimu amee.

- Laagoy xel
- Jafe-jafey dégg
- Jafe-jafey wax wala làkk
- Jafe-jafey gis
- Jaxasoo ci wallu yëg-yëg
- Jafe-jafey yaq
- Autisme
- Gaañ-gaañu xel bu metti lool
- Yeneen jafe-jafey wergu-yaram
- Ñakk mëna jang bu xejjiku
- Tëx
- Tëx-gumbë
- Laago yu bari
- Yeexaayu magg

Làkk buñu nàmp wala Beneen Anamu Jokkoo

Ndaje yu nga téew yépp, sa xayma doom, ak mbooleem yëgle yi nga jot war nañ leen bind wala ñu wax leen ci làkk bi nga nàmp wala beneen anamu jokkoo bi ngay jëfandikoo.

Mbooleen test yi ak yeneen jumtukaay yuñu jëfandikoo ngir xayma sa doom war nañu nekk ci làkk bi sa doom nàmp — wala yeneen xeeti jokkoo yuy jox dëkk bi ay xibaar yu jub ci li sa doom xam ak limu mëna def ci njangam, maggaayam ak doxiinam, ludul sudee nekkul luñuy mëna def ngir joxe wala administré.

WAXAL KËRU NJANG MI MU XAYMA SA DOOM

Soo xalaate ni sa doom mën naa amee laago buy lor njangam, mën nga sàkku këru njang mi mu xayma sa doom ngir xool ndax dina nañ ko mëna nangul njang mu xejjiku (ñu jàppee ko xale bi amee laago ci kaadaru IDEA). Ab tontu këru njang ci biir 30 fan yi nga sàkku woon ngir am sa nangu buñu xamle wala joxe ab yëgle buñu bind ci njëlbéen buy leeral lu tax këru njang mi njortul ni amna ab laago.

Këru njang mi mên na la laaj saa su nekk sa ndigal ngir xayma sa doom suñu njortee ni dafa amee laago. Ci ñaari kaa yépp, bi këru njang mi jotee sa nangu buñu bind, dafa wara jeexal xayma ndorteel (bu jëkk) bi ci biir 60 fani kalandryee.

SU SA DOOM JOGEE CI BENN EKOOL DEM CI BENEEN

Su sa doom jogee ci benn këru njang dem ci deneen këru njang ci Ohio, këru njang bu bees bi amna 30 fan bawoo ci bis bi nga xamantane ci lañu jot xayma këru njang bu njëkk ba ngir:

- Nangu xayma bi ci këru njang bu njëkk ba wala
- Jot nangu ngir xaymawaat

Bépp xaymawaat bukëru njang bu bees bi def war nañ ko amal ci biir 60 fan yi nga mu jot sa nangug waajur.

SUDEE XALE BI NEKK CI LOXOL REEW MI

Sudee sa doom ab *njirim la bu nekk ci loxol réew mi* te dêkkul ak ay waajuram, këru njang mi soxlawul nangu bu bawoo ci ay waajuram ngir amal xayma bu njëkk ngir xool ndax xale bi dafa amee laago ci anam yii:

- Sudee, doonte dañoo amal ay jéego yu jaafu ngir def loolu, këru njang mi mënul xam fi waajuru xale bi nekk
- Dakkal nañu sañ-sañu waajur yi, wala
- Wala jagleel nañu ab atekat sañ-sañi waajuru nit ki nangu ñu amal xayma bu njëkk bi

Xayma Njang bu Moom-boppam (IEE)

Ab xayma njang bu moom-boppam (IEE) lañuy woowee itam xayma njangum biti. Këru njang mi dina fay xayma buñu def ci biti kese sudee dafa def xayma boppam ba noppi ci sa doom te yaw anduloo ci li këru xayma njang mi gis. Liñ ci jublu mooy xool ndax xale bi dafay soxla njang mu xejjiku wala ndax dafay wey di soxla njang mu xejjiku. Nit kiy xayma sa njangu doom ci xayma biti bi mënul liggéeyal sa këru njangu doom. Yaw, niki ab waajur, am nga sañ-sañu, saa su nekk, lijanti wala fay ngir amal ay xayma biti ngir sa doom. Soo nanguwul xayma bu sa këru njangu doom def te nga sakku ñu amal ab xayma biti, sa këru njang war naa jël benn ci yile dogal te laaj diir bu amul solo:

- Këri njang yii war nañ la wax fi nga mëna defee ab xayma biti ci sa doom yaw ci bopp te xamal la sàrt yu manta ñakk ngir këru njang mi fay ko. Su këru njang mi nangoo te nga kot ci xayma biti bi, këru njang mi war na fay njëg li
- Këru njang mi war na jebbal ab càkkutéef ci Biro Departama bi Ohio bi yore Njang ak Liggéey ngir Njangum xale mu amul fenn ngir ab ojans bu gaaw (yëral xët 20) ndax andul ak sa càkkutéefu xayma biti. Lii dina doon ndax këru njàng mi dafa xalaat ni xayma bimu defal boppam ci sa doom baaxoon na

CRITERIA FOR OUTSIDE EVALUATIONS

Benn sàrt buy jëfee ci xayma yi ni sàrti këri njang yi dañuy jëfee ci xayma yi ci biti yi nga jéem, te këru njang mi fay ko. Sàrt yii bokk na ci fi sa doom di dem ngir def xayma bi al jaar-jaari nit kuy xayma xale bi. The educational agency must pay the full cost of an outside evaluation that meets the educational agency's criteria.

Soo sakkoo ab xayma biti ngir sa doom, këru njang mi mën naa la laaj lu tax nangu woo xayma këru njang mi ci sa doom (loolu mooy, sabab yi waral nga bëgg ñu amal ab xayma biti), waaye soxlawul ngay leeral lii ludul da nga ko bëgg a def. Benn sañu-sañu xayma biti bu këru njang mi di fay, ci bépp jamono bu këru njang mi xaymaa sa doom te nangu woo njuréefi xayma këru njang mi.

Su sa doom defee ab xayma biti bu dëppook sàrti këru njang mi, ak képp ku koy fay, këru njang mi war naa bayyi xel ci njuréef yi xayma boobu te xool nan lay joxee sa doom njangum piblik bu baax bu amul fay (FAPE).

Yëgle buñu bind ci njëlbéen

XOOLANDI

Ab këru njang war na la jox ab yëgle buñu bind (ñu koy woowee yëgle buñu bind) ci limu diir bu jaadu laata muy digle wala baña jël yenn dogal yi. Dogal yii bokk na ci këru njang buy tambali wala soppi raññeekaay, xayma wala barabu njangu sa doom wala dogalu njangu piblik bu baax bu amul fay ngir sa doom. Yëgle buñu bind ci njëlbéen ab xeetu njang mu xejjiku la buñu sakku.

KËMBI YËGLE BUÑU BIND CI NJËLBEEN

Ab yëgle buñu bind ci njëlbéen war naa joxe ay leeral yu doy ngir may la nga bokk ci say dogali sàrwiisi njangu doom ci anam buñu xamle. Yëgle buñu bind ci njëlbéen war naa am:

- Ab leeral ci dogal buñu digle wala bu këru njang mi nanguwul
- Ab leeral ci li tax këru njang mi digle wala baña jël dogal
- Ab leeral ci ban doxaliinu xayma, nàtt, dosiyee wala rapoor la ekool bi di jëfandikoo ngir jël dogal
- Ab dekalaare bu am kaarange ci kaadaru doxaliini àar bu IDEA, ak yëgle bi nekkul royuwaay bu njëkk ngir xayma, jumtukaay bi ngay mënee am ab leeralu doxaliini àar
- Ay costéef ngir sa jokkoo ngir am ndimbal ngir nànd càkkutéefi IDEA
- Ab leeral ci yeneen tànnéef yu kuréelu IEP bi di bayyi xel ak sabab yi waral ñu dàq yooyu tànnéef
- Ab leeralu sabab yu am solo ci digle wala ñakka nangu këru njang mi

YËGLE BUÑU BIND CI NJÊLBEEN CI LAKK BUMU MËNA DEGG

War nañu joxe ab yëgle buñu bind ci njëlbéen ci lakk bi piblik bi dégg te dañ ko wara bind itam ci làkk bi nga nàmp wala ci beneen anamu jokkoo ludul nekkul lu pratik ci anam bu leer ngir def ko.

Sudee sa làkk bi nga nàmp ci beneen anamu jokkoo nekk *ul* làkk buñu bind, kon këru njang mi dafa wara teg ay jéego ngir tekki ci kàddu yëgle buñu bind ci njëlbéen, ci ci beneen anam buñu mëna nànd, ci sa làkk bi nga nàmp wala ci beneen anamu jokkoo. Dina laaj këru njang mi werlu ne mën naa wone, ci bind ni tekki nañu yëgle buñu bind ci njëlbéen bu baax ak ni nànd nga këmb yi ci nekk.

Porogaraamu Njang bu Benne (IEP)

Ab porogaraamu njang bu benne mooy këyit biy fësal mébetu njàng ak jubluwaayi njàng mi sa doom di liggéey ngir yegg ci at mi muy jàngi. Dafay wax itam ci ndimbal ak serwiis yi sa doom soxla ngir mëna matal liñu bind ci IEP bi.

Wey-bokki kuréelu IEP bokk na ci:

- Waajur wi(yi)
- Soo bëggee am benn jàngalekat ci njàng muy boole lépp (sudee xale bi dafa bokk ci njàng mi, wala mu mëna bokk ci njàng mi)
- Soo bëggee am benn jàngalekat wala doktor buy toppatoo xale bi
- Ab këru teewalkatu njang bu xarañ
- Nit ku mën firi tektali tektali njuréefi xayma
- Ci dogal bi waajur yi wala këru njang mi, yeneen nit yu am xam-xam wala xarañtéef bu xejjiku ci xale, boole ci ndaw yiy liggéey ci wàllu njàng, su ko jaree
- Saa yu ko laajee, xale bi amee laago

saytu IEP: Ekipu IEP bi dafa wara daje ak benn yoon ci at bi ngir xoolaat IEP bi waaye mën nañu daje lu gëna bari ngir xoolaat IEP bi, rawatina sudee xale bi deful ay jéego. Ci Ohio, saytug IEP laajul waajur yi teew ngir ñu mëna dugal IEP bi. Nangug waajur dañ koy sàkku kese ngir IEP bu njëkk bi. Da nga am cër bu mag ci wàllu joxe sa xalaat ci defar IEP bi te ñu ngi lay ñaax nga bokk ci saytu IEP yi.

Bokkug waajur: Niki waajuru ab xale bu amee laago, am nga sañ-sañ saaku ñu yëgal la te jox nañ la wërsëgu bokk ci ndajem ekipu IEP bu nekk. Biro bi yor wàllu njàng mi dafa wara teela yëgle ndaje mi, suko defee nga mëna ñëw, ba noppi ngeen jàpp nda bisu ndaje mi ci waxtu ak barab bi ngeen déggoo.

Dosiyee Njang yi

Jot ci Dosiyee yi

Yoon Sañ-sañu Njangu Njaboot (FERPA) ab yoon federaal la bu lay jox yenn sañ-sañi càmbar ak saytu saytu say dosiyee njangu doom Ay sañ-sañ ci kaadaru toxal FERPA mu joge ci yaw dem ci sa ndongo amee 18 at wala mu tambali teew ci kekool post-segondeer (lu melni collège wala université), ak bu ci mêna jiitu.

YAN ÑOOY SAY DOSIYEE NJANG?

Ndax FERPA dafay aar yenn leeral ci ndongo am déet mu ngi aju ci ndax mbir mi méngoo na ak li dosiye njàng mi di tekki. FERPA dafay tëral dosiyee njang mi niki:

1. Dosiyee yu jëm ci benn ndongo, yenn saay ñu koy woowee leeral yuy raññee nit ki ci ekool
2. Dosiyee yi ab këru njang wala institution buy jàngale (ci misaal, sa ekoolu gox) wala ab xaaj buy liggéeyee ci kër googu

XIBAAR YUÑU MËNA RAÑÑEE BOKK NA CI:

- Sa turu doom
- Turu sa benn mbokk
- Sa adareesu doom wala sa adareesu mbokk
- Ab nimero raññeekaañ bu benne, bu mel ni sa turu doom, nimero sécurité sosilam, nimero ndongo wala done biometrikam
- Yeneen anami raññaatle sa doom, lu mel ni bisu juddu, barabu juddu, santu yaayam, xeet, waaso
- Yeneen leeral yi nga xamantane, ñoom kese wala suñ leen boolee, wala ñu mën leen lëkkale ak benn ndongo bu mën may nit ku am xel ci elooku askan wi, ku amul xam-xam boppam ci mbir anam yu am solo, mu eaññee ndongo bi ci anam bu wer te wóor ci moom
- Xibaar yu ab nit ku ekool bi jàpp ni xam na raññeekaayu xale bi sàkku
- Yeneen misaal ci ni ko FERPA tëralee

TOPPATOO AK SUTURAAY DOSIYEE YI

Dosiyee njang yi mën nañ laa toppatoo ci anam yu bari. Yenn ci misaal yi bokk na ci:

- Luñu bind ak loxo
- Móol
- Ordinatëër
- Wideo wala band ojo
- Filmu, microfilmu, wala microfiche

Dosiyee ndongo yi dañoo aju ci sutura, muy tekki ne dañoo *jambure*. Këru njang mi dafa wara àar sa suturaay dosiyee doom su leen taataane, mu denc leen wala mu yàq leen.

SAYTU SAY DOSIYEE DOOM

Këru njang mi daf la wara mey nga saytu say dosiyee njangu doom te du am yeexaaay ak laata ñuy amal benn ndajem kuréelu IEP wala doxaliinu ate jot bi nga xamantane da nga ci bokk. Këru njang mi mënul xaar lu ëpp 45 fan tambali ko ci sa bisu càkkutéef ngir may la nga xool dosiyee yi.

Am nga sañ-sañu saytu xibaar yu nekk ci dosiyee bi kese ci li aju ci *sa* doom. Am nga sañ-sañu laaj ekool bi mu indil la ay leeral ci say dosiyee doom. Am nga sañ-sañu am kenn kuy jëfee ci sa tur ngir càmbar dosiyee yi (lu mel ni ab xarit wala ab awokaa).

Këru njang mi mën nala jox ay kopi wu sa doom, waaye, këru njang mi daf la wara jox ay kopi su ko deful loolu dina la tere nga jëfee say sañ-sañi saytu dosiyee yi. Ba tey amna sañ-sañu jot ci kopi wu dosiyee yi sa xaalisu bopp.

AY COPPITE CI DOSIYEE NJANG YI

Am nga sañ-sañu laaj këru njang mi mu soppi xibaar yu baaxul yi wala yi manke ci say dosiyee njngu doom. Sa ekoolu doom warul soppi say dosiye njang so leen sakkoo ba noppi (ndax li nga leen sakku kese), waaye ekool bi war *bayyi xel ci* sa càkkutéef. So dogalee soppi sa dosiyee doom ni nga ko santee, ekool bi war nala wax ni am nga sañ-sañu am ab ojans ngir wax ci mbir mi.

Su ojans bi weeso, su ekool bi dogalee ba tey baña soppi ab dosiyee njang, am nga sañ-sañ dugal sa dekalare ci mbir ci sa dosiyee doom. Dekalaare bi dafa wara wey nekk ab xaaj ci sa dosiyee doom.

SEDDOO SAY DOSIYEE NJANG

Li ci ëpp, këru njang mi *war na* gejot ndigal ci bind su bëggee sedoo dosiyee njang buy raññee sa doom ak kenee ku bokkul ak yaw. Waaye, amna ay misaal yi nga xamantane soxlawul ñuy sàkku sa ndigal. Ngir seet yeneeni leeral ci kañ la këru njang mi *dul* soxla jot sa ndigal cig bind ngir séddoo dosiyee yi, yëral FERPA mbooleem gindikaay ngir waajur yi ci sit Webu Departamaa Njang bu U.S. ci www.ed.gov.

Saafara ñakka deggoo

Doxaliinu Saafara Ñakka Deggoo

Sudee da am lu la jaaxal ci njangum sa doom bu amee laago, jéego bu njëkk bi nga wara def mooy liggéey ak sa këru njang. Ngir tambali, jokkool ak ñiy jangal sa ndongo wala direktëru njang mu xejjiku mi. Waxal nit kooku ni li ngay xalaat. Sudee yaw wala këru njang mi deggoo woo leen ci sa jafe-jafe, amna ay anam, yi ngeen mëna ànd liggéey ngir saafaraal jafe-jafe bi.

Doxaliin yii dañoo am ay tur yu formel yi sa këru njang mëna jëfandikoo, waaye gindikaay bii dina la jàppale nga nànd li tur yooyu di tekki ak ngeen yaw ak ak ekool bi mënee jàppale sa doom. Pàcc bii ci topp dafay leeral yile doxaliin wala anam yi nga mëna jëfandikoo ngir liggéey ak sa këru njang.

SAYTU ADMINISTRATIF

If you disagree with your educational agency's decision regarding the education of your child with a disability, you can submit a complaint to the agency's administration. Ngir tontu, sa kilifag këru njang (wala kuñu tànn) dina amal ab saytug administratif. Saytu bi mën naa am ojans administratif.

Saytu bi ak ojans administratif bi, suñ ci amalee benn, war naa am ci jamono ak barab bu baax ci ñi ciy bokk ñépp. Yaw al sa këru njang mën ngeen unvite ñeneen ñu teew ci saytu bi wala ojans administratif bi. Ci misaal mën nga invite ñeneen ñu bokk ci njaboot gi wala ab xarit, kenn ki nga xam dara ci njang mu xejjiku, wala ab awokaa. Sudee dañuy jangal sa doom ci ab porogaraam bu ab gox di jiite ci wallum jafe-jafey magg wala beneen këru njang piblik, këru njang bi war na seeti biro bi wala kër gi ngir mu amal saytu administratif bi.

Su lay saytul sa sitiyasioŋ, war nga def bépp jéego ngir saafara ñakka deggoo bi ci li aju ci sa njangu doom. Kilifa gi (wala kiñu tànn) din degglu ñaari xaaj yo ci ñakka deggoo bi ba noppi jël ab dogal. Buñu jëlee dogal, kilifa gi daf lay yëgal dogal bi ci bind. Lii war naa am ci biir 20 fan ci biu la njëkkee yëgal këru njang mi lu aju ci li la jaaxal.

YENEEN DOXALIIN YI NGA MËNA JEEMA DEF

Sudee yaw ak këru njang mi deggoo wu leen ba tey ci anam bi ngeen di saafaralee jafe-jafe bi, amna yeneen doxaliin yu ngeen mëna jéema def. Donte du force nga sakku ab saytu administratif laata ngay jàll ci yeneen doxaliini saafaral jafe-jafe yi, loolu luñ lay ñaax la.
Amna yeneeni tànnéef yi nga mêna jëfandikoo ngir saafaraal jafe-jafe bi. Biro Departama Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children mën naa ci dugg te jàppale la ci sa demànd ngir am yeneen jumtukaay ngir saafaraal say jafe-jafe. Kër yii mën nañ la jàppale itam:

- Sa Kuréelu Ndimbal vi ci Etaa bi nga nekk (Diiwaan #_____) ci(telefon #_____).Waajur wi ak consultant wu njanboot gi dina ñu liggéey ak yaw.
- Sa mentor u waajur bi ci dëkk bi, sudee sa këru njang amna ko.

    - Ab mentor u waajur dafay joxe ay xibaar ak ndimbal njabooti ab xale bi amee laago ak këri njang yi. Mentor u waajur wi ab liggéeykaru këru njang la akit ab waajur u xale bu amee laago.
    - Ngir am yeneeni leeraln jikkool ak_____.
- Ohio Coalition for the Education of Children with Disabilities (OCECD)
    - OCECD ab mbootaay la buy yëngu ci etaa bi yépp buy jàppale njabóot yi ak liir yi, bébé yi, xale yi ak say ndaw yu amee laago ci Ohio, ak jangalekat yi ak këri njang yu leen di jox ay sàrwiis. Porogaraamu OCECD dafay jàppale waajur yi ñu nekk ay teewalkat yu xam ta xarañ ngir seeni doom ci barabi nang yépp.

Ngir am yeneeni leeral jokool ak OCECD ci(740) 382-5452 wala nga dugg ci sit Webu OCECD ci www.ocecd.org.

Saafaral Ñaxtu ci lu Teel

Saafaral ñaxtu ci lu teel mooy sooy jéema indi ay saafara ci say ñakka deggoo ak këru njang bi ci anam bu informel ak li ci ëpp laata ngay tambali jëfandikoo yeneen tànnéefi saafaral ñakka deggoo yi. Kenn ku nekk ci Biro Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children dina liggéey ak yaw ngir jàppale nga joxe say laaj ak mbir yi la jaaxal ci sa njangu doom.

Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio daf lay ñaax ci teela saafaraal ñaxtu laata ngay laaj yeneeni doxaliin yu formel, lu ci mel ni ñaxtu yuñu bind wala ojans yuñuy faral di am. Mën nga jokkook kenn ku nekk ci Biro Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children ngir mu jàppale la nga joxe say laaj ak mbir yi la jaaxal ci sa njangu doom. Ngir wax ak kenn ci li aju ci saafara ñaxtu ci lu teel, jokkool ak Departamaa bi:

- Ci relefon (614) 466-2650, wala ci nimero bodul fay ci (877) 644-6338
- Ci imel: exceptionalchildren@education.ohio.gov

Yombal

Sudee da nga am lu la jaaxal ci xayma wala xaymawaat sa doom ngir njng mu xejjiku, wala ci li aju ci sa Porogaraamu Njang mu Benne (IEP), ab tànnéef buñuy woowee yombal mën naa baax ci yaw.

Yombal mooy soo laajee Departamaa bi mu wut ab yombalkat ngir mu teew ci ab ndaje buñuy xaymaa saa doom wala kuréelu IEP (yaw tamit da nga bokk ci kuréel bii). Këru njang mi mëna itam def ab demànd ngir Deparramaa bi wutal la ab yombalkat ci benn ci yile ndaje yu aju ci sa njangu doom bu xejjiku. Yaw ak këru njang bi da ngeen wara deggoo yeen ñaar ñépp ci am ab yombalkat buy teew ci ndaje mi.

JUBLIWAAYU YOMBAL BI

Yombal bi dina am ci ab ndajem kuréel bu mel ni ab kuréelu porogaraamu njang bu benne, ndajem waajal xayma, wala ndajem kuréelu xayma. Yombalkat bi ab xaaj la bu bokkul ci kuréel bi te du jël ay dogal ngir kuréel bi. Am ab yombalkat dina tax kuréel bi nekk lu productif te wey ci jàppale ndongo li. Yombalkat yi ay diisookat lañu yu Biro Exceptional Children tàggat ci doxaliinu njang mu xejjiku.

Mën nga sakku yombal saa su nekk. Soo ko defee ba noppi, yaw ak këru njang mi war ngeen deggoo ngir bokk. Sudee deggoo ngeen yeen ñaar, Biro Exceptional Children dina la jagleel benn. Amul benn njëg booy fay ci këru njang mi ngir yombal gi.

YOMBALKAT BI:

- Wey di nekk ab xaaj bu bokkul fenn (du feete fénn wala mu yliggéey ngir yaw wala këru njang mi)
- ab disookat la buñu *tàggat* (ab nit bu xarañ kuy jàppale ci saafaral ñakka deggoo yi)
- Dañ ko tàggat ci loolu te xamna lu bari ci yooni ak càkkutéefi njang mu xejjiku
- bokkul ci sa IEP doom wala kuréelu xayma bi
- Du jël ay dogal, waay dafay gindi kuréel bi ngir am ay saafara
- Dafay jàppale nga amal ay waxtaan yu ubbeeku ci sa digante ak këru njang mi
- Dafay fexe ba ndaje mi jaar yoon tey jàppale ku nekk mu jox cêr doxaliin wi
- Dafay tax ba kuréel bi wey di nekk ci say soxlaay doom

POÑ YU AM SOLO YI NGA WARA BAYYI XEL CI YOMBAL GI:

- Yombal gi ci sa coobare la aju.
  - Yaw ak kuréelu njang mi war ngeen deggoo ngir mu bokk ci doxaliin wi. Soo deggoo wee ak kuréelu njang mi ci am ab yombalkat ci ndaje min lii tekkiwul ni da nga deggoo ak kuréelu njang mu ci ndaje mi wala da ngeen deggoo ci ni ndaje di mujjee. Nangul nañu waajur yi ñu joxe seeni xalaat saa su nekk.
- Bépp deggoo buñu amal ci jamonoy ndakem yombal bi dafay faral di nekk luy tënke. Lii mu ngi tekki ne yaw ak kuréelu njang mi deggoo ngeen bi ngeen jëlee dogal bi ba noppi.
  - Bépp dokimaa bi nga xaatim yaw ak kuréelu njang mi ci li aju ci sa xayma doom wala IEP bi yor benn diisaay bi niki dokimaa buñu xaatim ci bépp xayma IEP bu kuréel bi amal.

Ngir am yeneeni leeral ci yombal gi, yëral sit Webu Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ci education.ohio.gov te seet ***yombal***.

Ngir Sakku Yombal

Jokkool ak sa direktëru njang bu këru njang mu xejjiku ngir xool ndax gox bi bëgg na bokk ci doxaliin wii,_____ci_____. Su ñaari xaaj yi deggoowee ci bokk ci yombal gi, jokkool ak Biro Departamaa Njang ak Liggéey ngir Exceptional Children bu Ohio:

- Ci telefon: (877) 644-6338
- Ci imel: OECMediationFacilitation@education.ohio.gov

Diisoo

Diisoo mooy soo deggoowe ak këru njang mi ngir am beneen xaaj bu xarañ buy ñëw ci ab ndaje ngir jàppale la nga amal ab deggoo ci li aju ci sa njangum ndongi bu amee laago wala sa ndongo buñu *njort ni* dafa amee laago. Beneen xaaj moo ngi tekki ni nit kii dañ koy woowee itam diisookat bi, du féete fénn te du liggéeeyal wala muy jëf ci turu ab waajur wala këru njang mi. Diisoo benn tànnéef la ngir yaw ak say këri njang saa yu amee ab ñakka deggoo bu aju ci sa njangum doom bu xejjiku.

DIISOO BI AMUL FAY TE MËN NAÑ KO SAKKU SAA SU NEKK

Diisoo mën nañ ko sakku saa su nekk. Suñu sakkoo diisoo ba noppi, yaw ak këru njang mi war ngeen deggoo yeen ñaar bokk ci doxaliin.
Sudee yeen ñaar ñépp deggoo ngeen ngir bokk, Biro buñu jagleel Exceptional Children dina la jagleel ab diisookat. Diisookat bi mënu la wax ni nga wara saafaralee jafe-jafe bi mengook sa njangum doom bu xejjiku. Waaye, diisookat bi dafay jàppale ñaari xaaj yépp ñu waxtaane jafe-jafe yu am ci sa doom ak ab saafara.

Soo dogalee def ab ñaxtu bu formel wala sakku ab ojans buy faral di am (xoolal xët 17 ba 28), Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio dina la laaj nga xalaat ci diisoo niki jéego bu njëkk. Amul benn njëg booy fay wala bu këru njang mi di fay ngir diisoo bi.

Sakku diisoo	Jot Diisoo te Waajal ab Ndaje	Ndajem Diisoo	Deggoo buñu amal	Deggoo buñu amal
Yaw wala ekoolu gow bi mën ngeen laaj Departama Njang ak Liggéey ngir diisoo saa su nekk. So déposee ab ñaxtu wala nga sakku ojans buy faral di ama Departamaa bi di na la jagleel diisoo niki jéego bu njëkk. Yaw ak gox bi war ngeen déggoo ci jëfandikoo ak ab diisookat.	Diisookar bi andul av xaaj la bu andul ak kenn. Diisookat bi dina waajal ab ndaje nimu gëna gaawee. Departamaa bi mooy fay diisoo bi.	Yaw ak ekoolu gox bi séddoo ngeen seen jafe-jafe. Diisookat bi jéem naa jàpp ci tëral xiiroo bi te aksi ci ab deggoo bu mujj, buñu bind. Li ci ëpp, amul lenn luñu wax ci jamonoy diisoo bi ci biti ndaje mi wala buñu jëfandikoo ci doxaliini yoon ëlëg, ludul mu am lu ci wuute.	Deggoo buñu bind dafay tênke, te yaw ak ekool yeen a ko xaatim. Binding means that you and the school must follow the agreement, and a court can enforce it.	Sudee amu ñu ab deggoo ci diisoo, te da nga yónnee ab ñaxtu etaa, tek ci Biro wu Exception Children dina saafaraal ñaxtu bi. Suñu amalee ab deggoo ci diisoo te nga yónnee ñu defal ab doxaliin buy faral di am, ak ab ojansu doxaliin buy faral di am mooy ñëw apare.

DIISOOKAT BI:

- Wey di nekk ab xaaj bu bokkul fenn (du feete fénn wala mu yliggéey ngir yaw wala këru njang mi)

- Mayu ñu ko mu jël ay dogal; lu ko moy, diisookat bi dina la jàppale yaw ak këru njang mi ngeen saafaral jafe-jafe bu mengook sa njangum doom.
- Dafay liggéey ak yaw ak këru njang mi ngeen dogal ci ab deggoo diisoo
- Dafay fexe ba diisoo bi jaar yoon tey jàppale ku nekk mu jox cër doxaliin wi
- Dafay def ba ñépp bayyi seen xel ci ndongo al soxlaay ndongo yi
- Dafay jàppale nga amal ay waxtaan yu ubbeeku ci sa digante ak këru njang mi

POÑ YU AM SOLO YI NGA WARA FATTALIKU CI DIISOO

- Diisoo mu ngi aju ci sa coobare.
    - Yaw ak kuréelu njang mi war ngeen deggoo ngir mu bokk ci doxaliin wi. Soo deggoo wee ak kuréelu njang mi ci am ab bokk ci diisoo, lii tekkiwul ni da nga deggoo ak kuréelu njang mu ci ndaje mi wala da ngeen deggoo ci ni ndaje di mujjee.
- Diisoo dafa aju ci sutura.
    - Lépp luñu wax ci ndajem diisoo bi dafay faral di wey di aju ci sutura (priwe) te mënu ñu ko jëfandikoo ci kanam, ludull dafa am lu wuute luy jëfee.
- Bépp deggoo buñu bins ñu amal ko ci jamonoy diisoo bi dafay faral di tënke. Lii mu ngi tekki ne yaw ak kuréelu njang mi deggoo ngeen bi ngeen jëlee dogal bi ba noppi.
    - Bépp dokimaa bi nga xaatim yaw ak kuréelu njang mi ci li aju ci sa xayma doom wala IEP bi yor benn diisaay bi niki dokimaa buñu xaatim ci bépp xayma IEP bu kuréel bi amal.

Ngir Sakku Diisoo

Jokkool ak a direktëru njang mu xejjiku ngir xool ndax gox bi bëgg naa bokk ci doxaliin bii_____ci _____. Su ñaari xaaj yi deggoowee ci bokk ci diisooi, jokkool ak Biro Departamaa Njang ak Liggéey ngir Exceptional Children bu Ohio:

- Ci telefon: (877) 644-6338
- Ci imel: OECMediationFacilitation@education.ohio.gov

Depose ab Ñaxtu Etaa

Benen tànnéef bu jàppandi ci yaw, soo amee jafe-jafe bu aju ci sa njangum doom bu xejjiku, mooy nga def am ñaxtu ci anam bu formel contre këru njang mi te jébbal ñaxtu bii waa Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children.

AMUL LENN LOOY FAY NGIR DEPOSE AB ÑAXTU ETAA

Amul benn njëg booy fay ngir depose ab ñaxtu etaa. Ñaxtu etaa bi dafay faral di indi saafara ci jafe-jafe bi ci lu gëna gaaw ab ojansu doxaliin te Soo bëggee deposé sa ñaxtu Etaa, da nga wara yónnee sa ñaxtu buñu xaatim, bind (sumb bi njëkk) ci Biro Exceptional Children, ba noppi nga yónnee *ab kopi* ñaxtu b këru njang mi ci saasi.

Sa ñaxtu dafa wara ànd ak kàddu yuy wax ni da nga xañ sàrt yiñ tëral ci wàllu njàng mu xejjiku ci Etaa (dañu jàpp ni da nga xañ Yoonu Njàngalem Nit ñi Am Laago wala ci Ohio

Baaxoo yiñu tëral ngir Njangum Xale yu ame Laago). Jarul nga bind tur wi ci ñaxtu bi wala ñu ywax ci benn sàrt, waaye fàww nga wax ci benn jëf wala ñàkka jëf bu këru njang bi jël, nga jàpp ni dafay jalgati sàrt yiñ tëral ci wàllu njang. Danga wara boole itam ci ñaxtu bi ay mbir yu am solo ngir wane li tax nga jàpp ni sa këru njang mi dafa jalgati sàrt yiñ tëral ci wàllu njàng xejjiku.

SAYTU XAYMA ñAXTUETAA

Biro bi yor xale yu wuute yi dina xoolaat, su ko jaree, amal lànket ci ñaxtu biñ def nimu waree, ba noppi xool ndax këru njang mi dafa jalgati sàrt yiñ tëral ci njang bu mengook sa njangum doom. .Waaye itam, beneen nit – maanaam keneen ku bokkul ak yaw, wala ab kër wala mbootaay bu dul këri njang mi – mën na joxe ñaxtu ci Departamaa bi sudee dafa jàpp ni këru njang mi dafa jalgati sàrt yiñ tëral ci njangum ndongo bi.

Mën nañu joxe ñaxtu ci Departamaa bi saa yu nekk ci diir bu gàtt *benn at* ci liñu wax ni dafa jalgati njang bu xejjiku bi. Bépp ñaxtu buy wax ni dafa am lu ëpp benn at ginaaw biñu defee ñaxtu bi, duñ ci amal lànket/saafara.

NAN LAÑUY DEFEE ÃXTU BU FORMEL

Soo bëggee joxe ñaxtu bu mat sëkk ci wàllu njang mu xejjiku ci réew mi, fàww nga:

- Bind formileeru ñaxtu etaa ci xëtu Webu DEW Dispute Resolution; wala
- Bindal sa baaxalu ñaxtu te yónnee ko ci Deprtamaa bi jaare ko ci imel; wala
- Woowal Biro Departemaa bi yor Exceptional Children ci 1-877-644-6338 nga laaj formileeru ñaxtu, nga joxe ko ba noppi nga delloo ko Departemaa bi.

Limu mbir yi nga wara boole ci ñaxtu etaa bi

- Kominike buy wax ni kuréel gi yor njàngale mi dafa jalgati sàrt yiñ tëral ci wàllu njàng mu xejjiku
- Ab leeralu jafe-jafe bi, boole ci li jëg yi ngay sukkandikoo ci sa ñaxtu
- Say leerali jokkoo ak sa xaatim bu orosinaal
- Sooy wax ni dafa ab jalgati ci benn ndongo buñu tànn
- Tur ak adareesu dëkkuwaayu ndongo ndongo li
- Turu ekool bi ndongo bi nekk
- Soo amee xale wala ndaw bu amul fumu dëkk (ni ko sàrtu dimbalu ñi amul fumu dëkk bu McKinney-Vento diglee), amna leerali jokkool ak ndongo mi ak turu daara ji ndongo mi di jangee
- Ab leeral ci xeetu jafe-jafe bi, boole ci mbir yu jëm ci jafe-jafe bi
- Li ñu nara def ngir saafara jafe-jafe bi, ci anam wi xaaj bi jàppandi am ci jamono ji ñuy déposé ñaxtu bi
- Ñaxtu bi war naa am ab xaatim.

Ngeen bàyyi xel ni duñu nangu benn ñaxtu bu nëbbu.

FAN LAÑUY YONNEE SA ÑAXTU

Da nga wara déposé sa ñaxtu ci *ñaar yii yépp* Biro Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children ak ci kilifaay këru njang mi ci benn waxtu wi.

Yónneel sa orosinaalu ñaxtu ci:
Biro Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ngir Exceptional Children
Awokaa: Pàccu Asistaŋ Adiministratif bu Saafara Ñakka deggoo
25 South Front Street, Mail Stop 409
Columbus, Ohio 43215-4183
Ci imel: oeccomplaints@education.ohio.gov

BEYANCE

Beance moo ngi tekki dugal ay jafe-jafe ci ab ñaxtu Etaa bu neggandiku. Sudee yow ak këru njang mi bokk ngeen ci até bu jaar yoon, te yaw wala këru njang mi itam ngeen def ñaxtu ci mbir yooyu, Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio dina tëye ñaxtu bi ci etaa bi. Ci beneen anam, Departemaa bi dina xaar ba dosiye bi jeex balaa muy indi ay saafara ci sa ñaxtu etaa. Soo dindee sa sàrtu até bu jaar yoon, Departemaa bi dina dindi ñaxtu etaa bi ci beyance ba noppi jàll ci dogal ci saafaral sa ñaxtu.

Su amee até bu jaar yoon, ba noppi agent biy déglu ate bi (IHO) jël na dogal, kon Departemaa bi dina jëlee ñaxtu etaa bi ci abeyance ngir saafaral ko sudee amna jafe-jafe yu des ci sa ñaxtu te agent biy lay déglu jëlul ci dogal.

SAYTU XAYMA ÑAXTU ETAA

Su Departamaa bi jotee sa ñaxtu etaa, lépp bëgg nga ko def ko nimu waree, dina ko tàmbali xoolaat, su ko jaree, dina amal lànket ci jalgati yuñ wax ni dañu jalgati sàrti njàng mu xejjiku bi. Biro bi yor Exceptional Children dafa wara saafaral ñaxty bi ci diir bu weesuwul 60 fan ginaaw bimu joxee sa ñaxtu.

Ci wàllu doxaliinu ñaxtu bi, Biro bi yor Exceptional Children dina:

- Saytu sa ñaxtu te xool ndax amna sañ-sañu saafaral tuuma yi nekk ci sa ñaxtu
- Waxal yaw ci sa bopp ak këru njang mi bind tuuma yi ni du nañ ko saafaraal, boole ci amal lànket (su ko jaree)
- Joxe diisoo wala yombal ci yaw ak sa këru njang niki beneen anam ngir saafaral ñaxtu bi
- Laajteel yeneen leeral yu mu mëna soxla ci yaw ak ci këru njang ci tuuma yi nekk ci sa ñaxtu
- Saytul yeneen dokimaa yi ak leeral yi nga jox këru njang mi, def ay laaj-tontu ci telefon, te dem ci këru njangu sa doom, su jàppee ni lu war la
- Jox alsa këru njang chance ngir tontu sa ñaxtu te indi ab dogal
- Bindal ab bataaxal bu lay yëgal yaw ak këru njang mi dogal biñu jël ci wàllu njang mu xejjiku (ginaaw boo noppee ci saytu te amal lànket, su ko jaree, te du weesu 60 fan ci bis bi ñu dugalee ñaxtu bi)

DIIR BI AM CI YOKK YI

Departamaa bi mën na am lu ëpp 60 fan ngir lijjanti ñaxtu bi ba noppi joxe bataaxal bi ànd ak dogalam, sudee dañu yokk àpp bi. Mën nañu yokk kalendriye 60 fan ngir lijjanti ñaxtu etaa bi sudee:

- Yaw ak këru njang bi déggoo ngeen ci diir bu gëna yàgg ngir yeen ñaar ngeen mëna jéema saafara jafe-jafe bi jaaraleko ci diisoo, yombal, wala yeneen pexe yu wuute ngir saafara jafe-jafe yi, wala su
- Amna mbir yu wuute (Biro bi yor xale yu wuute yi moo koy dogal, bu nekk ci ñoom).

DEPOSE BU JAARUL YOON

Sudee Biro bi yor Exceptional Children dafa gis ni joxeewoo ñaxtu etaa ci anam wu jaar yoon ndax joxeewoo lépp lu war ci jafe-jafe bi nga ko bëgg a saafaralee, wala sudee Biro bi yor Exceptional Children sañ-sañu amal lànket ci ñaxtu bi, Biro bi yor Exceptional Children dina la yónnee bataaxal buy wax ni du saafaral ñaxtu bi, sabab bi nga jël dogal bii, ak, su ko jaree, leeral yi nga wara boole ci ñaxtu bu bees ngir ñu jàpp ni def nañu ko nimu waree.

JEBBALAAT ÑAXTU BI

Sooy yónneewaat ñaxtu bi ak ay leeral yu bees, fexeel yónnee ñaxtu bi Departemaa Ohio bi yor Njang ak Liggéey ci këru njang mi ci diir bu weesuwul benn at ginaaw biñu waxee ni dafa jalgati njang mu xejjiku mi. Sudee da nga boole ci sa ñaxtu ay jafe-jafe yu Departemaa bi amul sañ-sañu saafara, dina la ko yóbbu ci jumtukaay yuy mëna saafaral jafe-jafe yooyu, ci anam wu war.

Déposé ab Ñaxtu

- Ñaxtu buñu déposé ci biir bann at buñ ko tuumalee metital bi.
- Waajur wi dafay jox orosinaal bi Departamaa Njang ak Liggéey ak ab kopi ci këru njang mi.
- Ñaxtu bi dafay wax ci mettitalu càkkutéefi najng mu xejjiku ak jêf yu koy dooleel.

Departamaa Njang ak Liggéey mooy Saytu Ñaxtu yi

Departamaa bi dafay yónnee ab battaxal buy wone ni jot nat na ko nit ki nga xamantane moo yónnee ñaxtu bi ak këru njng bi.

Departamaa njang mi dafay yónnee ab bataaxalu ñakk doylu sudee dañoo depose ñaxtu bu baax, wala sudee Departama bu amul kiliftéefu saafaraal ko.

Saytu

Departamaa bu mooy saytu dokimaa yépp te sakku yeneen dokimaa/xibaar soo ko soxlaa.

Departamaa bi dafay amal ab laaj-tontu jagleel ko ni ñi, oo ko soxlaa.

Departamaa bu dafay yónnee ab bataaxalu Tënk

Departamaa bi dafay defar digal yi aju ci wax bu nekk ak ndax amna ab jalgati njang mu xejjiku.

Departamaa bu Ohio dafay defar ay dogal yi nga xamantane këru njang mi gis na ni dañ ko nekk di jalgati.

Jebbal ab ñaxtu ci yoon

Benn ci matuwaay yi nga mëna jaar ngir saafaral jafe-jafe yi sa doom am ci njàng mu amul fenn ci këru njang mi mooy nga yónne ab laaj ngir ñu déglu ko ci këru njang bi, boole ci yónnee benn kopi Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio. Soo defee loolu, déposé nga ñaxtu ci àttekaay bi (ñu koy woowe itam sàkku atté).

Amna ñeneen ñu mëna joxe ñaxtu ci àttekaay bi:

- Ndongo, su amee gën gaa néew 18 at
- Këru njang mi

SABAB YUY WARAL DEPOSE

Mën nañu joxe sa ñaxtu ci wàllu yoon ci li aju ci jafe-jafe yi laal wàll yii ci njàng mu xejjiku bi:

- Raññee xale bu amee laago
- Nàtt xale bu amee laago
- Yobbu ci barabu njang an xale bu am laago
- Jox sa doom njang bu ñépp bokk te doo ci fay dara (FAPE)

Ñaxtu bi war na wax ni dañu xañ sàrt yiñ tëral ci wàllu njàng mu xejjiku, te dañu ko wara joxe ci diir bu weesuwul *ñaari at* ci bis bi waajur wi (wala askan wi déposé ñaxtu wi) xamoon wala waroon xam lu jëm ci jalgati njàng mu njang mu xejjiku ci mbir mi.
Saa yu Departemaa bi yor Njang ak Liggéey ci Ohio jotee ñaxtu ci yoon, waajur yi ak këru njang mi ci laale dañu wara am chance ngir bokk ci àtteb yoon. Déglu bu jaar yoon mooy doxalin bu mat sëkk, fu Departemaa bi tànn benn agent buy déglu àtte bu xejjiku, mu doxal àtte bi ngir lijjanti ñaxtu bi ci wàllu yoon.

XIBAAR YUÑ CI WARA DUGAL

Departemaa bi dafay joxe benn formileer buñu mëna jëfandikoo ngir sàkku àtte bu jaar yoon. Nit ki wala këru njang miy jébbal laaj bi du jëfandikoo formileeru departama bi, waaye nit ki wala mbootaay bi dafa wara boole xibaar yimu soxla su déposé ñaxtu bu jaar yoon:

1. Turu ndongo li
2. Adarees wala leerali jokkoo ak ndongo bi
3. Turu këru njang mi
4. Sudee sa doom amul fumu dëkk, xibaari jokkoo yu jàppandi ci sa doom ak turu ekool bii sa doom di jàngee
5. Ab leeral bu jëm ci jafe-jafe bi laal sa doom, ak lépp lu jëm ci jafe-jafe bi
6. Ay xalaat wala digle ngir saafaral jafe-jafe bi

Ñaxtu biy wax ci àttekaay bi dafa wara am leeral yu wuutewul ak ñaxtu etaa (yëral xët 16); waaye soxlawul ngay xaatim orosinaal bi. Mën nga yónnee këru njang mi ak ci Departamaa bi yaw ci sa bopp, ci bataxal, faksi wala imel. Mbir yi bokkul ci sa ñaxtu bu njëkk ci wàllu àtte, agent biy àtte duko xoolaat ci diiru àtteb yoon.

SOPPI AB ÑAXTUB YOON

Soppi ñaxtu ci wàllu yoon mooy yeesal ñaxtu bi ginaaw biñu ko joxee Departemaa Ohio bi yor Njang ak Liggéey. Mën nga soppi sa ñaxtu b yoon kese sudee:

- Beneen xaaj bi nanguna ñaxtu biñ soppi ci yoon wi, ci bind, ba noppi ñu may ko ràññeekaay ngir saafara ñaxtu bi ci ndajem saafara bi (ndaje saafara bi leeral nañu ko ci xët 23), wala
- Agent biy amal ojans bi te tëddee njaaxanaay moo may jox ndigal. Ndaw li yor àtte bi mën na jox ndigal lu tollu ci juróomi fan balaa àtte bi di tàmbali, waaye du doon apare loolu.

Due Process Timelines and Process

Soo deposé ab ñaxtu ci wàllu li aju ci sa njangum doom, ci diir bu weesuwul 10 fan ginaaw bi nga jotee ñaxtu bi ci yoon, këru njang mi daf la wara njëkka bind wala tontu la ci wàllu njàng mu xejjiku, fileek kuréel gi joxewul yëgle bu mel noonu.

Bind bu njëkk bi la këru njang bi njëkk yëgal dafa wara am:

- Ab leeralu jëf ji aju ci sa laaj wala sa ñaxtu ci wàllu yoon aju. Lii mën na nekk jëf ju këru njang bëgg wala baña jël. Këru njang mi yor njàng mi itam dafa wara joxe leeral ci tontu li waral ekool bi bëgga wala baña jël dogal boobu.
- Ab leeral ci anam yi ñu jëfandikoo ngir xayma sa doom, dokimaa wu sa doom, ak rapoor yi këru njang bi di jëfandikoo ngir jël wala baña jël dogal
- Ab leeralu yeneen tànneef yi kuréelu IEP saytu ngir sa doom ak sabab bi (yi) tax ñu baña nangu tànneef yooyu
- Ab leeralu yeneen jëf yu amoon solo bi dogal bi sa këru njang bi di jël wala baña jël ab dogal

Biro bi yor njàng mi itam war nala jox leeral bu aju ci àttéy bu amul fay wala bu yomb ak yeneen serwiis yu am solo yoo mëna jot.

Sudee dañu depose ab ñaxtu waajur bi nga wara wuyu, da nga wara tontu ñaxtu bi ci diir bu weesuwul 10 fan ci kalendriye bi. Sa tontu dafa wara jëm ci jafe-jafe yiñ xamle ci ñaxtu bi ci wàllu yoon.

Doylu

Dina ñu jàpp ni plainte bi doyna (maanaam def nañu ko nimu waree) *ludul* beneen xaaj bi dafay yëgal agent biy amal ojans bi bu baax ak xaaj bi déposé ñaxtu bi ni mënul méngoo ak laaj yuñu déposé (maanaam, lu doyul). Beneen xaaj bi dafa wara wone ni ñaxtu bi doyna, ci bind, ci diir bu weesuwul 15 fan ginaaw biñu jotee ñaxtu bi.

Ci misaal, soo joxee ñaxtu ci sa këru njang (nga yónnee benn kopi Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio), dina ñu jàpp ni doyna fileek këru njang bi di yëgal agent biy amal ojans bi, ci bind ak ci diir bu weesuwul 15 fan, ni dafa jàpp ni joxee wuñu sa laaj ci anam wu jaar yoon. Ginaaw loolu, ki yor àtte bi amna juróomi fani kalendriye bimu jotee yëgle bi sa këru njang bind ngir xam ndax sa ñaxtu bi jaare ci yoon doyna (ni dafa méngoo ak li ñuy laaj ci ñaxtu yoon wiñ wax ci xët 22). Ki yor àttekaay bi daf la wara yónnee dogalam yaw ak këru njang mi, ci diir bu weesuwul 15 fan.

Sudee agent biy amal ojans bi dafa jàpp ni sa ñaxtu ci wàllu àtte bi doyul, mën nga tànn deposé waat ñaxtu ngir ñu amal àtte bu bee wala ñu soppi orosinaalu ñaxtu bi, fii ak

këru njang bi nanguna te am na chance ngir saafaral jafe-jafe bi jaaraleko ci ndajem saafara bu agent biy déglu àtte bi jox ndigal lu weesuwul juróomi fan laata àtte bi di tàmbali.

Soo soppee sa ñaxtu ci àtté bu jaar yoon, kon diiru dogal bi di 30 fan dafay tàmbali soo jebbalee ñaxtu nga soppi.

Diiru Saafara

Diiru saafara bi mooy diir bi nekk ci digante bi ngay déposé ab ñaxtu bu jaar yoon ak ojans bi ci boppam. Diiru saafara bi dafay amaale ndaje dogal buy may, beneen yoon, ñu dogal lijjanti jafe-jafe yi ci wàllu njàng mu ñakka deggoo bu xejjiku balaa ñuy tàmbali ojans bi ci anam bu officiel. Soo deposé ñaxtu bu jaar yoon waaye nga baña bokk ci li ñuy def ngir saafara jafe-jafe yi, loolu dina yeexal ndoortelu kalendriye yoon wi (yeneeni leeral ci kalendriye yi ci suuf).

Diiru dogal bi mooy 30 fan ginaaw biñu defee ñaxtu bi (wala ginaaw biñu soppee ñaxtu bi nimu waree). Sudee këru njang mi indi wul ay saafara ci ñaxtu bi 30 fan yitopp ci bi këru njang bi dugalee ñaxtu bi ci anam wu jaar yoon, atte bi mën na wey. Su diiru 30 fan yi jeexee, amna kalendriye bu 45 fan ngir atte bi war, ba noppi ki yor àtte bi jël dogal (xoolal xët 22), wa ilaa yaw ak këru njang bi déggoo ngeen ci diisoo bu weesu 30 fan yi. Bàyyi xel itam ni diiru 30 fan yi ñuy jël dogal mën nañu teela jeex sudee ci 30 fan yooyu, yaw ak kÓeru njang bi deggoo ngeen ci bind ni amul déggoo bu ci mëna am.

Ci diiru 30 fan yiñ wara dogal, ak ci diiru 15 fan yu njëkk yi ginaaw biñu jotee ñaxtu bi ci wàllu yoon, dañu wara amal ndaje ngir jël dogal. Sudee këru njang mi amalul ndaje saafara ci diiru 15 fan ci kalandriye bi wala bokkul ci ndaje saafara bi, mën nga sàkku ci agent biy déglu atte bi mu tàmbali 45 fan yi war ngir déglu àtte bi. Këru njang mi warul amal ndaje ngir saafara jafe-jafe yi sudee dafa déposé ñaxtu ci yoon wi war.

Ojansu Yoon yi Ñu ngi leen di Amal ak ab Agent wu Ojans bu bokkul fénn

Sudee mënu ñu saafaral ab ñaxtu ci anam wu jaar yoon, dina ñu yóbbu àtte bu formel bi ci ab agent wu ojans bu féetewul fenn. Agent biy amal ojans bi dafa wara nekk awokaa buñu tàggat ci Departemaa Njàng Liggéey bu Ohio ngir amal ay atté yu jaar yoon.

Këru njang mi mooy fay agent biy amal ojans bi; waaye, nit kooku amul feetewul fenn, di ñatteelu xaaj buñ tànnee ci anam wu mucc ayib. Liggéeyal ulbenn këru njang bu yor njang mi te mën naa baña am benn mbiri boppam wala liggéey buy dooleel benn xaaj cikaw beneen bi.

Rax ci dolli, ki yor àttekaay bi xamna bu baax li ñuy laaj ci njàng mu xejjiku, lu ci melni IDEA, yoonu federaal ak etaa ak ni àttekaay yi di tekkee dosiye yiñ tëral ci wàllu njàng mu xejjuku.

Ginaaw bi àtte bi, agent bi yor àtte bi dafay jël dogal ci anam wi yoon santaane.

NDAJEM SAAFARA

Lu tax ñuy amal ndaje mi ngir saafaral jafe-jafe yi mooy ngeen mëna waxtaane jafe-jafe yi ci ñaxtu bi ak ngir këru njang bi mëna liggéeyandoo ak yeen ngir saafaral jafe-jafe yi. Këru njang mi moo wara woote ndajem saafara bi, te da nga wara bokk ci ndaje mi. Sudee bokkuloo ci ndajem saafara bi ngay amal ak këru njang bi dokimante ci sa ñàkka bokk, këru njang bi mën na wax agent biy déglu sa ñaxtu lu aju ci diiru 30 fan.

Yaw ak këru njang bi da ngeen di dogal kan ci ndaw yi moo wara bokk ci kuréelu IEP bi wara bokk ci ndajem saafara bi. Ndaje boobu dafa wara am ndawu këru njang bi yor sañ-sañu jël yenn dogal ci këru njang bi.

Awokaa wu këru njang bi dina teewci ndaje mi ludul da nga tànn jël ab awokaa foofu. Ndaje bii jéego la buñu wara jël ngir saafaral jafe-jafe yi, wa ilaa yaw ak këru njang mi ngeen déggoo ci bind ngir bàyyi ndajem saafara bi, wala yaw ak këru njang bi yor mi déggoo ci jëfandikoo diisoo ci barabu ndajem saafara jafe-jafe bi. Yaw ak këru njang bi di ngeen mëna diisoo 30 fan ginnaw bi ngeen deggoowee yéen ñaar yépp ngir def ko. Lii dina tax ñu baña tàmbali ojans bu jaar yoon ci diiru 45 fan bawoo ci biñi jëlee dogal bi.

Sudee yaw ak këru njang mi lijjanti ngeen seen ñakka deggoo ci ndaje saafara bi, yéen ñaar ñépp war ngeen xaatim déggoo buy tënke ci loolu:

- Dafay wax li nara xew leegi ci bind
- Yaw ak ndawu këru njang mi da ngeen di koy xaatim
- Ab tibinaal mën na tëral

Tënku ci wàllu yoon mooy sudee yaw wala këru njang bi nangu ngeen topp déggoob bi, tribunal bi mën na sàkku ci yaw wala këru njang bi ngeen def ko.

Sudee yaw wala këru njang mi da ngeen dogal baña deggoo bi ngeen xaatimee deggoo bi ba noppi, yeen ñaar ñépp mën ngeen deggoo ci biir ñetti fani liggéey yi ngeen ko xaatimee.

Sudee yaw ak këru njang mi deggoo ngeen ci wàllu yoon balaa diiru 30 fan bi di jeex, ñaxtu bi dina ñu ko tëj, te duñu amal àtte ci yoon.

Doxaliinu Atte bi

Dañu wara amal àtte bu jaar yoon, ñu amal ko ci barab ak waxtu bu gën ci yaw ak këru njang mi. Agent biy amal àtte ba dina jokkool yaw dina k këru njang bi ci waxtu wi ñu soxla jokkoo ci diiru àtte bi. Ci beneen anam, bépp jokkoo bu am ci digganté agent bi yor àtte ba, yaw ak këru njang bi dina ñu amandoo te duñu texalikoo.

Kalendriye 45 fan yi dañuy àndaale ak àtte bu jaar yoon, digante bi agent biy àtte bu faral fénn ngir jël ab dogal. Kalendriye atte bu 45 fan bi dafay tàmbali ginaaw bi diiru dogal bi jeexee ci 30 fan yi, wala ginaaw bi benn ci yii amee:

- Yaw ak këru njang bi da ngeen di deggoo ci bind bayyi (baña amal) ndajem saafara, wala
- Bo leen tàmbalee waxtaane jafe-jafe yi ci ndajem saafara wala ndajem biisoo bi, yaw ak këru njang bi ngeen déggoo ci bind ni amul déggoo bu mëna am, wala

- Yaw ak këru njang bi déggoo ci bind ni yegg ngeen ci diiru 30 fan yi ngir mëna wéyal diisoo bi, su ko defee yaw wala këru njang bi ngeen génn ci diisoo bi.

Ludul mu fekk ni agent bi yor àtte bi nanguwul yokk àtte bi (wala ñu yokk àpp bi), ci laaj bu kenn ci xaaj yi ci diiru 45 fan yiñ tëral ngir amal àtte bi, lii dina am:

- Dañu wara amal àtte bi.
- Dañu wara jël dogal ngir aamal àtte bi.; ak
- War nañu yónnee ab kopi ci dogal bi ci bataaxal buñ daganal, yaw ak këru njang bi, ak itam Departemaa bi yor Njang ak Liggéey Ohio.

Gën gaa neew juróomi fan laata ñuy amal àtte bi, yaw ak këru njang bi da ngeen wara bokk ci ndaje mi ci lu ñépp xam. Lii waxtaan la ngir lépp werlu ni yaw ak këru njang bi yepp am ngeen xibaar bi ñuy joxe ci ojans bi.

SAÑ-SAÑI OJANS

Ci àtte bu jaar yoon, am nga sañ-sañU:

- Fexe ba sa doom bi waral ojans bi teew ci àtté bi
- Sakku ñu ubbil ojans bi askan wi
- Wax sa awoka wala nit ñi am xam-xam ci xale yu amee laago ak yaw ngir mu digal la
- Wane ay firnde (firnde), jàkkarloo ak laajkat bi te càmbar (laaj) seede yi te sàkku seede yi ñu teew (teewaat, atte bi du wax ci jafe-jafe yi nga joxe ci sa ñaxtu bu jaar yoon, ludul këru njang mi nangu nga wax ci jafe-jafe yu bees)
- Baña nangu bépp firnde buñu la wanul gën gaa néew juróomi fani liggéey laata àtte bi
- Mën nga am bépp dokimaa ci atte bi ak ci li ñu gis ak dogal yiñ jël, te doo fay dara.

Sudee ab awokaa dafa am ku la guŋgee ki ku nekkul Awokaa

Sudee da nga ànd ak benn teewalkat bu nekkul awokaa, nit kooku amul yelleefu jot fere awokaa (wala benn fere ngir liggéeyam) ci beneen xaaj bi. Teewalkat bi mënul nekk àttekat ci àtte bi, te mën na am lu néew ci li awokaa bi mëna def ci àtte bi.

Doxalinu ñaxtu buñu gaawal ak Kalendriye

Déglu bu gaaw ci yoon mooy deglu bu am ci kalendriye bu gëna gaaw buy yombal dogal bu gëna gaaw ci yenn xëccoo yu jëm ci diisoo njàng mi. Yaw wala këru njang bi mën ngeen sakku ñu gaawal àtte bi ci anam yii sudee:

1. Dëggoo ak dogal bi këru njang bi jël ci plasement njàngum sa doom (prograam wala serwiis), te loolu mooy njuréefi ekool ci yar sa doom; wala
2. Yaakaar naa ni njuréef yi bawoo ci dogalu wone; wala

3. Biro bi yor njang mi dafa gëm ni njang mi sa doom am ci jamono jii (prograam wala sàrwiis) mën na lor sa doom wala ñeneen ñi.

Kalendriye plainte bu gaaw bi dafa amaale diiru dogal bu 15 fan ci kalandriye bi ak kalendriye déglu bu 20 fani ekool. Këru njang m dafa wara am ndaje ngir jël dogal ci diir bu weesuwul juróom ñaari fan ginaaw biñu jdéposé ñaxtu bi ci yoon. Ginaaw bi àtte bu gaaw bi jeexee, ki yor àtte bi amna 10 fan ngir bind dogal bu mujj bi ba noppi ngeen jox la ko yaw ak këru njang bi. Duñu yokk benn diir buñuy amal ñaxtu buñu gaawal.

Def appel ci ab dogal

Dogal bi agent biy deglu àtte yi jël ci njeextalu àtte bi mooy dogal bu mujj ludul kiñ ci lor dafa def appel ci Departemaa bi yor Njang ak Liggéey ci Ohio ci diir bu weesuwul 45 fan ginaaw biñu jëlee dogal bi. Xaaj biñ lor mooy waajur bi wala këru njang bi sudee dogal bi agent bi jël baaxul ci xaaj bi (maanaam aaj bi loruwul).

NAN LAÑUY DEFEE APPEL CI DOGALI AGENT YUY AMAL OJANS YI

Soo bëggee def appel ci dogal bi agent bi jël, da nga wara yónnee wala nga imel Departemaa bi benn kopi wa sa appel ci bataaxal, nga yónnee ko kilifag sa këru njang. Departamaa bi dina tànn benn agent buy saytu ci etaa bi (wala “agent buy saytu”) ngir mu saytu dogal biñu jël ci anam wu jaar yoon. Departemaa bi yor Njàng ak Liggéey ci Ohio mooy fay agent biy saytu.

Agent biy saytu dosiye yi dina saytu dokimaa yu àtte bi yépp Rax ci dolli, agent biy saytu dafa wara xool ndax atte bi dafa topp li jaar yoon, ba noppi di wut yeneen firnde yuñ jàpp ni dañu soxla. Ndaw li yor xayma bi mën nala laaj nga joxe ay firnde ci kàddu wala ci bind yaw ak ci kuréel gi yor njang mi. Sude agent biy amal ojans bi ngir bayyi xel ci arguments yuñuy wax, yelleefi àtte bi (yëral xët 25) yiñu la jox ci àtte bu jaar yoon, jox la ko tam ci diiru àtte bi ci kanamu agent biy saytu.

KLANDRIYEE/YOKK YI

Ci biir 30 fan ginaaw bi Departamaa bi jotee sa laaj ngir ñu saytu ko ci niwo etaa bi, kilifa gi yor saytu bi dina jël dogal, ludul daf ko nangul mu yokk àpp bi, te waajur yi wala akëru njang mi mën nañu ko laaj (waaye, xamleen ni mënu ñu yokk àpp bi ci jamonoy appel bu bawoo ci buñ ko jébbalee). Mën nga laaj itam ay kopi yuñ bind wala ay dokimaa elektronik yu baat ci baat ci li agent biy saytu gis ak dogal yi.

DEF APPEL CI ETAA FEDERAAL WAMA BU TIRBINAAL

Dogal biñ jël ci wàllu saytu etaa bi mooy dogal bi mujj ludul ñu dañoo ded appel ci àttekaay federal wala etaa bi. Xaaj biñ laal (te loolu du wey) ci dogal bi agent bi jël, amna sañ-sañu yóbbu àtte bi ci tribunaal federal ci diir bu weesuwul 90 fan ginaaw bi agent bi jëlee dogal bi wala ci tribunaal biy àtte ci wallu etaa sa këru njang mu ngi nekk ci diir bu weesuwul 45 fan ginaaw biñu jotee yëgle ci dogal bi agent bi koy saytu. Tribunaal bi dina xoolaat dokimaa yi, déglu yeneen firnde yu xaaj yi laaj, ba noppi jël dogal bu mujj bu sukkandiko ci dokimaa yi ak firnde yiñ joxe. Da nga wara fay ndàmpaayu appel bi ci appel bi nga def ci àttekaay bi, waaye sudee da nga am ndam, mën nañ la fay njëgu àtte bi ci àttekaay bi, lépp di aju ci ni tirbinaal bi di doxee.

Statut Xale bi biñuy amal até bi

- Sa doom dafa wara des wala mu nekk ci barabu njang mi mu nekk ci jamono ji ñuy amal ñaxtu bi ci yoon, wa ilaa yaw ak këru njang bi déggoo ni barabu njangu sa doom buñu mëna soppi.
- Sa njangum doom mooy liñu leeral ci IEP bimuy def ci jamono yii.
- Sudee dañu def sa doom ci IAES (barab bu wuute ci njàng, wala barabu njàng bu yam ci biti ekool bi) ndax yar bi këru njang bi def, sa doom dina des ci barabu njàng boobu ba agent biy déglu jël benn dogal wala ba këru njang bi njëkkee yar sa doom, ci lu ci mëna nekk.
- Sudee ñaxtu bi ci wàllu yoon mooy ñu njëkka dugal sa doom ci këru njang mi, soo ko nangue, dañu ko wara yóbbu ci këru njang mi ba keroog ñuy jeexal àtté bi.
- Sudee ñaxtu bi war ci wàllu yoon mu ngi aju ci ñaan ngir tàmbali sàrwiis yi ci kaadaru yoonu ekool bi ndax sa doom amna ñetti at te mënatul am sàrwiis ci wàllu teela jàppale ci wàllu yoon, këru njang mi warul joxe sàrwiisu teela jàppale yi sa doom joxewul.
- Sudee dañu jàpp ni sa doom yelloo na am sàrwiis yu yam ci njàng mu xejjiku, te waajur yi nangu nañu ko njëkka jox sàrwiis yi, kon dafa wara joxe sàrwiis yooyu amul benn xëccoo ci diggante waajur yi ak këru njàng mi.
- Sudee ki lay saytu dafa ànd ak yaw ci coppite placement bi war, placement bi dafa wara nekk déggoo buy am diggante réew mi ak waajur yi ngir ñu mëna des ci placement bi.

Sakku appel ci Dogalu
Ojansu Atté bu Farul Fenn

Mën nga weddi dogal bi agent biy déglu àtte bi jël (appel) ci bind ci diir bu weesuwul 45 fan ginaaw bi nga jotee dogal bi. Yónneel appel bi ci:

Departemaa bi yor Njàng ak Liggéey ci Ohio
Biro buñu jagleel Exceptional Children ci wàllu saafaral jafe-jafe
25 South Front Street Mail Stop 409
Columbus, Ohio 43215
OECdueprocess@education.ohio.gov

Soo bëggee am yeneen ndimbal, waawal Departemaa bi yor Njang ak Liggéey ci Ohio ngir Exceptional Children ci (614) 466-2650, wala nga woote ci (877) 644-6338 ci lodul fay.

Njëgi Awokaa

Mën nga tànn woo ab teewalkat (awokaa) saa yu la neexee ngir mu taxawu la ci biir àttekaay bi (wala appel bi buñuy amal ci àttekaay bi), waaye da nga wara fay sa say njëgi àtté bopp. Sudee danga tànn jël ab awokaa te nga jël ndam li (jotal dogal bu baax) ci benn jëf wala benn yoon ci tribunal federal wala etaa buy jëm ci sa yoon (di def la xaaj bi jël ndam li), tribunal bi mën na wax këru njang mi mu fay la njëgu awokaa bi méngook loolu.

SUDEE KËRU NJANG MI MOO AM NDAM

Sudee këru njang mi moo am ndam, tribunal bi mën nala wax nga fay njëgu awokaa këru njang mi waroon fay. Tribunaal bi mën nala wax wala yaw wala sa awokaa ngeen fay fere awokaa yi ci Departemaa Njàng ak Liggéey bu Ohio wala sa këru njang sudee ñoo jël ndam li te tribunal bi jël benn ci yii:

- Ni dogal amul doole, amul benn sabab, wala amul benn sukkandikukaay
- Ni da nga wéy di yóbbu jëf ci yoon ginaaw bi jëf nekkee ci anam bu leer lu amul benn njariñ, amul benn sabab, wala lu amul benn sukkandikukaay
- Ni jëf ji dañu ko indi ci lu jaarul yoon, lu melni xoxotal, yeexal lu amul njariñ, wala yokk njëgu àttekaay bi te jaru ko

SUDE TIRBINAAL BI DAFA DOGAL ÑU FAY LA YAW WALA KËRU NJANG MI

Sudee tribunal bi dafA santaane ñu fay la yaw wala këru njang bi njëg yi nga fay, tribunal bi mooy jël dogal ci dayoo bi jaadu. Njëgi awokaa yi dañoo wara wara aju ci njëg yi ñuy faral di laaj askan wi ñu defee jëf wala doxaliin bi, ak ci xeetu ak baaxaayu liggéey bi ñuy joxe. Amna ay yamale ci li tirbinaal bi mëna joxe ay njëgi awokaa.

Ab tirbinaal mënul jox awokaa bi ay njëgi awokaa ci yile mbir:

- Sudee këru njang bi daf la bindal ni dafay lijjanti ñakka deggoo bi ci diiru 10 fan ginaaw biñu tàmbalee àtte bi, te nanguwoo ko ci diir bu weesuwul 10 fan, te àtte bi ci dosiye bi moo gëna néew lijanti buñu digle bu la këru njang bi joxoon.
    - Waaye, tirbinaal bi mën nala jox njëg li sudee da nga am ndam ci atté bi, ba noppi àttekaay bi jël dogal ni amoon nga sabab bu baax (am nga sabab bu baax) ngir baña nangu li këru njang bi joxe.
- Ngir sa awoka bokk ci ndajem IEP, ludul dañuy woote ci ndaje boobu ndax ab ojans administrative wala ab dogalu tirbinaal
- Ngir sa awokaa bokk ci ndajem saafara bi

WAÑÑI NJËGI AWOKAA

Tirbinaal bi mën naa wañi itam ci njëgu awokaa bi sudee:

- Bi ñuy amal àtte bi, yaw wala sa awokaa yeexal ngeen dogal bu mujj bu saafara ñakka déggoo bi.
- Dañuy fay sa awokaa ci anam wu amul benn sabab lu ëpp njëgu waxtu bi nga xamni mooy njëg bi gëna am solo ci askan wi ngir liggéey bu mel noonu ci awokaa yu am xam-xam bu méngoo, tur, ak jaar-jaar
- Jamono ji nga def ay sàrwiis yu yoon yi nga jote bariwoon nañu lool (bari lool) boo seetee xeetu jëf bi wala doxalin wi

- Seen awokaa joxu la ay leeral yu yelloo ci Këru jàng mi ci sa yëgle ñaxtu

Benn ci li ñu wax ci kaw bi etaa bi wala këru njang mi yeexal ci anam bu jaaduwul te tirbinaal bi gis ni etaa bi wala këru njang bi dañoo yeexal dogal bu mujj bi ci jëf wala doxaliin, wala ñu jalgati IDEA ci anam wu amul weruwaay.

Yar

Doxaliiu yàr buñu jagleel xale yi amee laago

Ci yenn kaa yi, sa këru njang mën na wéy di joxe ay sàrwiisi njàng yu xejjiku sa doom bu amee laago, doonte këru njang bi dafa ngort, dàq, wala dindi sa doom ci njang mi (yëral sa IEP doom ngir am yeneen leeral ci njangam).

PLACEMENT WU NJANG AK YI KOY WUUTU

Sudee dañoo dindi sa doom ci barabu njàng mi mu nekk ndax dafa jalgati sàrti këru njang mi ci diir bu mattul 10 fan yu toppalante, këru njang mi warul jox sa doom ay sàrwiis njang mu xejjiku ci diir boobu. Sudee dañoo génnee sa doom ci ekool boobu *ngir lu ëpp 10 fani njang yu toppalante,* ekool bi dafa wara wéy di jox sa doom njang mu xejjiku, doonte ci beneen barab la (ci misaal, beneen klaas, batimaa, wala ci këru ndongo li).

Sudee këru njang bi dafa génnee sa doom ci placement bimu nekk leegi lu ëpp 10 fan yu toppalante ci benn at ekool, dañuy jàpp ni coppite ci placement sa njang bu sa doom.

Sudee kuréel gi yor njang génne na sa doom ci barabu njàngam ci ay jamono yu wuute (génnee yu bari) yuy yokk lu ëpp 10 fan ci benn au njang, ekool bi dafa wara xool ndax génnee yooyu dañuy tekki coppite ci barabu njangu sa doom.

Suñuy jël dogal bii, ekool bi war na bayyi xel ci yile mbir:

- Yàggaayu saa suñu génnee sa doom
- Mbooleem diir buñu génnee sa doom
- Nan la génnee yi jegee woon
- Jikko yi sa doom niru ak ay jikkoom ci mbir yu njëkk yi ñu génnee sa doom

Sooy soppi barabu njàngu xale ndax sa doom toppul sàrti ekool bi, këru njang mi, waajur yi, ak ndaw yi ci kuréelu IEP, ni ko waajur yi ak këru njang bi dogale, dañu wara daje ngir amal jàngat ci dogal bu xamle. Jubluwaayu xamle tëraliin saytu bi mooy ngir xool nda sa jikko doom li ko waraloon mooy wala ni dafa amoon ab lëkkaloo bu joñjoo ak sa laago doom.

Wone Doggu

Laata ngay soppi barabu njàngum sa doom këru njang mi dafa wara def ay sababi yar ci yenn jéego ngir aar say yelleefi doom. Benn jéego bi mooy amal ab ndajem saytu wone dogal. Lii ndaje la ngir xool ndax sa jikko doom mi ngi aju ci laagoim wala amna lëkkaloo bu am solo ak laago wan. Ci beneen anam, ndax laago bi moo waral sa laago doom? Ekipu IEP bu ndongo yi dina ñu xool ndax doxaliin bi moo waral sa doom ame laago am déet ci diiru 10 fani ekool ginaaw bi ñu jëlee benn dogal ngir soppi barabu njàng mi

NDAJEM WAMLE DOGALU SAYTU NDAJE MI

Ci ndaje saytu dogal biy wane, yaw ak yeneen nit ñi bokk ci ekipu IEP saytu leeral yu am solo, lu ci melni sa IEP doom, seetlu jàngalekat yi ak bépp leeral bu jëm ci loolu vi nga joxe.

Doxaliin wii ab woney laago sa doom le, di nañu dello sa doom ci placement bi nga xamantane ci lañ ko delloo woon, ludul kuréelu Iep bi nangu soppi placement bi.

Sudee dañu jàpp ni sa doxalinu doom dafay wane laago gi, ekipu IEP bi wara:

1. Tambalil jàngat sa doxalin ci diir bu weesuwul 10 fan, nga jeexal ko ci nimu gëna gaawe. Dañuy saytu sa doxalinu doom, ñu koy jëfandikoo ngir xam lan moo waral sa doom def doxalin bu jaarul yoon bi, ak ban doxalin lañu wara def ngir sa doom jot ci say njuréef ak say àddu-xalaat, ak
2. Tambalil ab pexe ngir jàppale sa doom ci wàllu jeffin, sudee jàngat bi def nañu ko ba noppi mu jëm ci njàngale mi ñuy joxe (pexem jàppale ci wàllu jeffin dafay wax ci jeffin yi jaarul yoon ci ekool bi ak anam yu leer yu ekool bi di jéem ngir wàññi leen), wala

3. Sudee amna palaŋu jàppale ci doxalin, xoolaat palaŋ bi nga def bépp coppite bu war ci diir bu weesuwul 10 fan.

Alternatiif u interim (Diir bu gàtt Te Wuute) Barabu Njang

Ekipu IEP sa doom mooy jël dogal ni dangay dugal sa doom ci barab bu ñuy jàngalee ci diir bu gàtt (IAES). Ab IAES is ab placement la bu wuute te nangandiki ngir jot ci njang mu xejjiku. Bis bi ekipu IEP bi jëlee dogal ni dañuy soppi sa barabu doom ci IAES ndax sa doom dafa xañ sàrti ekool bu mag bi, daf wara yëgal këru njang mi dogal bi ba noppi jox la gindikaay ci yelleefi waajur yi ci njàng mu xejjiku.

Doonte sa doxaliinu doom moo waral sa doom ame laago, këru njang bi mën na génnee sa doom ci IAES ba ci lu toll ci 45 fani jàngi su sa doom:

- Yoree ab njanaay
- Bi ñu xamee ni yor wala jëfandikoo drog, wala jaay wala jéema jënd wala jaay luñu tere (lu melni, narkotik)
- Amal ci kaw beneen nit ay gaañu-gaañu yu metti

Lii dafay faral di jëfee ci ndax sa doom dafa doxalee ci yoonam bi muy dem ekool, ci ekool, wala ci xew-xewu ekool bi.

Sudee sa doxaliinu doom *nekkul woon li sa laago doom waral*, sa doom mën nañu ko def ci IAES ci been diir biñuy yaree xale bu amul laago.

Sudee sa jikko doom *dafa laale bu baax wala li ko waral mooy sa laago doom* te sa doom dafa xañ sàrti daara ji, fàww nga delloo sa doom ci barabu njàng mi ñu ko jëleewoon, wa ilaa yaw ak kër gi yor njàng mi ngeen nangu soppi barab bi ñu koy defee muy bokk ci coppite yi am ci palaŋu jàppale ci doxalinu IEP.

Waaye, sudee kuréel gi yor njàng ni dafa jàpp ni tëye sa doom ci barabu njàng mi (buñu sukkandikoo ci sa IEP doom) mën na gaañ sa doom wala ñeneen, kuréel gi yor njàng mi mën na woote ndaje IEP ngir waxtaane jafe-jafe bii. Sudee yaw ak këru njang bi bokku leen xalaat ci coppite placement bi, këru ngang bi mën na ñaan ñu gaaw ci amal ojans bi — maanaam mën na ñaan ñu déglu ko ci anam wu gaaw ngir am dogal bu gëna gaaw (yeral expedited due process ci xët 25).

Sudee sa doxaliinu doom nekk na luñu yaakaar nimoo waral mu am laago

Sudee sa doom amul IEP, mën nga wax ekool bi mu jàppee sa doom ni xale bu ame laago sudee benn ci mbir yii dafa xew balaa sa doom di jalgati sàrti ekool bi:

- Wax nga kilifa yi yor ekool bi wala jàngalekat bi ci sa doom, ci bind, ni danga jàpp ni sa doom mën na soxla ay sàrwiis yu xejjiku ci njangam, wala
- Laaj nga ñu jàngat sa doom, wala
- Kiy jangal sa doom wala beneen liggéeykat ci ekool bi wa xna njiitu njàng mu xejjiku mi wala yeneen liggéeykat yiy saytu ci saasi ay jafe-jafe yu jëm ci sa doxalinu doom.
- Duñu xaar ci sa këru njang mu jàppee sa doom ni xale bu ame laago sudee nanguwoo jox kër gi ndigalu sayma sa doom ngir xool ndax soxla na njang mu xejjiku. Lii mën na nekk itam sudee nanguwoo njang mu xejjilu mi ngir sa doom wala sudee dañu xayma sa doom ba noppi ekip bi gis ni sa doom amul benn laago Biro bi yor wàllu njàng mën na yar sa doom ci anam wi ñuy yaree ndonngo yi amul laago te ñuy doxalee noonu.

SUDE ANDULOO CI COPPI YI AM CI PLACEMENT CI NJANG WALA WONEB DEPARTAMAA SAYTU LIÑU GIS

Mën nga laaj ñu déglu ko ci anam wu gaaw ngir weddi dogal biñ jël ngir soppi sa barabu njàngum doom ndax yar wala ngir weddi li ñu gis ci jàngat bu jëm ci dogal (xoolal leeral yi ci xët 25). Agent biy amal ojans bi te tëdee njaaxaanaay mooy jël dogal ci diiru àtte bu gaaw bi ndax kuréel gi yor njàng mi dafa topp li ñu laaj bi muy soppi sa barabu doom, wala ndax kuréel gi yor njàngale mi dafa wane ni sa doxalinu doom nekkoon na wala nekkul woon luy wane sa laago doom.

Ni ñu ko gise ci kaw, kuréel gi yor njàng mi mën na sàkku ñu gaaw def àtte bu jaar yoon sudee kuréel gi yor njàng mi dafa jàpp ni wéyal placement wu sa doom mën na gaañ sa doom wala ñeneen (yëral doxlaiinu yiin wu gaaw ci xët 25).

Waajur yi dañuy dugal xale yu am feebar bi ci benn ekool bu nekk ci njëg bu ñépp bokk

Xeetu xam-xam ngir delloo xaalis

Soo tànnee dugal sa doom ci daara ju prive, sa këru njang mi warul fay njàng mi wala njàng mu yam ci ekool prive bi, lépp bëgg këu njang mi jox sa doom njàng mu jaar yoon (FAPE) ci këru njang mi. Sudee jàpp nga ni sa këru njang nanguwul jox sa doom FAPE, mën nga tànn nga def plainte ci anam wu jaar yoon, ñu déglu ko ci àttekaay bi, ba noppi ofisiye àttekat bu amul benn par dina jël dogal ndax këru njangbi jox na sa doom FAPE (xoolal leeral yi ci yoon wi ci xët 24). Sudee ci diiru àtte ba, ki yor àttekaay bi te amul benn par, gis ni sa këru njang joxeewul FAPE, ki yor àttekaay bi mën nala wax ni am nga sañ-sañu ñu dello la xaalis bi nga fay ngir dugal sa doom ci ekool prive.

WAÑÑI WALA FAQ DELLOO XAALIS BI

Mën nañu wàññi xaalis bi këru njang bi wara delloo la, wala ñu baña delloo la xaalis bi yépp, sudee benn ci yii dafa am:

- Ci ndajem IEP bi amoon balaa ngay génnee sa doom ci ekool bi, waxoo nga ni ekool bi ni doo nangu placement njang mi ekipu IEP bi digle, nga wax leen li la jaaxal, ba noppi ni danga bëgga dugal sa doom ci ekool privée
- Binduwoo ci ekool bi 10 fani liggéey balaa ngay génnee sa doom ci këru njang bi ni nanguwoo IEP bi te danga bëgga dugal sa doom ci ekool privée (xamleen ni 10 fani liggéey yooyu dañuy àndaale ak ay bis yu amul liggéey yuy tombé ci ayu-bis bi)
- Sudee balaa ngay génnee sa doom ci ekool bi, kilifa gi yor wàllu njàng mo daf la jox yëgle bu jaar yoon ni dafay waaja xayma sa doom, te sa doom jàppandiwul ngir ñu def xayma bi
- Tribunaal bi dafa jàpp ni def nga lu jaarul yoon

KAARANGE AK DELLOO XAALIS

Mënu ñu wàññi xaalis bi ñu lay delloo (li ñu la wara delloo), wala ñu baña nangu la fay, sudee benn ci yii dafa am na:

- Këru njang mi daf la tere joxe yëgle
- Këru njang bi waxul ni da nga wara joxe yëgle
- Soo joxee yëgle bi mën na gaañ sa doom ci yaramam.

Waaye itam, mën nañu ni àttekaay bi wala agent biy déglu àtté bi mën na gis ni mën nañu wàññi wala baña nangu ñu delloo sa xaalis ndax:

- Mënu lo bind wala jàng Àngle, wala
- Soo joxee yëgle bi mën na indil sa doom gaañu-gaañu yu metti.

Yegleb waajur yi ci prograami burse yi ngir ndongo yi am feebar

Su yëgle bi amee

Saa yu benn këru njang mi amalee jàngat ngir xale bu am laago, wala tàmbali defar, xoolaat, wala xoolaat IEP xale, këru njang mi daf la wara wax ci Prograamu Bursu Autism ak Prograamu Bursu Jon Peterson.

PROGRAMU BUURSU AUTISME

Ngir am ci yeneen leeral ci prograamu bursu autism, demal ci sitwebu Departemaa Njàng ak Liggéey bu Ohio ci education.ohio.gov te bind ***Prograamu bursu autism*** ci boyetu seet bi, wala ci nga yónnee email autismscholarship@education.ohio.gov.

SOXLA YU XEJJIKU CI JON PETERSON PROGRAMI BURS

Sudee sa doom dafa nekk di jot njàng mu xejjiku, dinga mëna am yelleefu prograamu soxla yu xejjiku yu Jon Peterson.

Ngir am yeneeni leeral ci Programu Busu Njang lu Xejjiku Bi Jon Peterson, yëral sit Webu Departamaa Njang ak Liggéey bu Ohio ci education.ohio.gov te bind ***Bursi Jon Peterson*** ci boyetu seet bi, wala nga yónnee imel peterson.scholarship@education.ohio.gov.

Yeneeni leeral

Xibaar yu aju ci programu burs bi jàppandi na ci sit Webu Departamaa Nang ak Liggéey bu Ohio cieducation.ohio.gov.

Ngir am yeneeni leeral wala laaj ci yile programi burs, jokkool ak The Office of Nonpublic Educational Options at (614) 466-5743, wala ci nimero bodul fay ci (877) 644-6338.